

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode asalna tina basa Latin nya éta *methodos* anu hartina cara-cara, strategi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sabab-akibat. Méthode miboga fungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2012, kc. 34). Dina seuhseuhanana mah méthode téh mangrupa tarékah anu sistematis pikeun ngahontal hiji udagan sangkan maham kagemblengan dina hasil panalungtikan. Ku lantaran éta, unggal panalungtikan merlukeun méthode anu luyu jeung udagan anu baris dihontal jeung ahirna nyangking atawa maham kagemblengan kana pasualan anu nyampak.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif-analitik. Méthode déskriptif-analitik mangrupa méthode anu dilakukeun kalayan cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Méthode *déskriptif* nya éta méthode anu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta anu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2009, kc. 53).


Nilik kana éta hal, méthode déskriptif analitik dipilih lantaran carpon mangrupa hasil rékaan pangarang anu mibanda tokoh anu bisa disawang tina jihat struktur jeung psikologi sastra. Pasualan-pasualan anu muncul dina carita jadi hiji gambaran yén konflik sosial kapanggih dina carpon. Konflik sosial anu digambarkeun dina carpon teu lésot tina fénoména sosial dina mangsana.

Méthode deskriptif-analitik dina ieu panalungtikan ngaliwatan tilu léngkah garapan nyaéta: (1) Nangtukeun tatapakan téoritis, (2) nganalisis struktur objék panalungtikan, jeung (3) Nganalisis objék panalungtikan, dumasar kana konflik sosial nu digambarkeun dina objék panalungtikan.

3.2 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) tatahar; (2) ngumpulkeun data; (3) nganalisis data; (4) nyieun kacindekan; jeung (5) nyusun laporan panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, tahap léngkah panalungtikan di luhur baris dibagankeun di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.3 Téhnik Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis data, téhnik analisis data dipaké dina prak-prakan nganalisis jeung milah-milih data anu kapanggih dina sumber data, nya éta carpon *Moal Dimumurah* ngagunakeun pamarekan struktural jeung psikologi sastra. Saméméh dianalisis data dikumpulkeun tuluy diolah.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina téhnik ngumpulkeun data aya sawatara léngkah anu dilakukeun di antarana téknik maca jeung téknik nyutat. Téknik maca nyaéta maca kalawan gemet eusi carpon nu luyu jeung rumusan masalah. Hasilna dibéré tanda tuluy diinterpretasikeun nu satuluyna dijieun déskripsina. Sedeng téknik nyutat nyaéta nyutat kalimah atawa paragraf dina kumpulan carpon *Moal Dimumurah* karya I. Asikin nu luyu jeun rumusan masalah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, panalungtik ngagunakeun téhnik deskriptif data. Sabada data dikumpulkeun, data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah nyaétan (1) milihan sawatara carpon anu témana dianggap raket patalina jeung konflik sosial; (2) nganalisis carpon anu geus dipilih, dumasar kajian struktural jeung psikologi sastra; jeung (3) ngadéskripsikeun tur nyindekkeun data anu geus diolah.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta tabulasi data nu mangrupa tabél anu eusina mangrupa kategori data anu dikumpulkeun tina objék panalungtikan. Hal anu dianalisis ngawengku struktural jeung psikologi sastra. Tabulasi datana saperti ieu di handap.

a. Tabulasi data struktur carita

Tabél 3.1

Tabulasi Data Téma

No	Judul Carpon	Téma	Sempalan	Kaca	Kat

Tabél 3.2

Tabulasi Data Galur

No	Judul Carpon	Galur	Episode	Kaca	Kat

Tabél 3.3

Tabulasi Data Latar

No	Judul Carpon	Latar			Sempalan	Kaca	Kat
		T	W	S			
1	“Moal Dimumurah”		√		Poé ieu mah rada medah-meduh meunang bagian téh.	Kc. 7	Conto

Tabél 3.4

Tabulasi Data Tokoh jeung Penokohan

No	Judul Carpon	Tokoh	Watek	Sempalan	Kaca
1					

b. Tabulasi data psikologi sastra

Dina ieu panalungtikan museur kana maluruh data nu raket patalina jeung konflik sosial nu ambahanana kawengku ku disiplin élmu psikologi sastra. Anapon tabulasi datana saperti ieu di handap.

Tabél 3.5
Tabulasi Data Konflik tina Bédana Ciri-ciri

No	Judul Carpon	Konflik tina Bédana Ciri-ciri							Sempalan	Kat
		F	É	K	Par	G	P	K		

Kat:

F : Fisik

É : Émosi

K : Kabudayaan

Par : Paripolah

G : Gagasan

P : Pamadegan

K : Kapantingan

Tabél 3.5
Tabulasi Data Konflik Dumasar Wangun

NO	Judul Carpon	Wangun Konflik						Sempalan	Kat
		KP	KK	KKS	KR	KPol	KB		

Kat:

KP : Konflik Pribadi

KK : Konflik Kelompok

KKS : Konflik antar kelas sosial

KR : Konflik rasial

KPol : Konflik politik

KB : Konflik budaya

3.5 Sumber Data

Anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku karyaana I. Asikin, judulna *Moal Dimumurah*, citakana ka-1, anu diterbitkeun ku penerbit Kiblat. Tina éta data bakal dipilah-pilah 10 carpon anu dianggap ngawakilan

kumpulan carpon *Moal Dimumurah*. Sabada dipilah-pilah laju ditalungtik struktur jeung dipedar konflik sosial dina éta carpon.

3.5.1 Idéntitas Buku Kumpulan Carpon *Moal Dimumurah*

Moal Dimumurah mangrupa buku kumpulan carita pondok I. Asikin, anu medal ku pamedal Kiblat citakan kahiji dina bulan September, taun 2014. Kaper buku mangrupa ilustrasi carpon “Moal Dimumurah” dina Majalah *Handjuang* nomer 051, ilustrasi carpon “Hiji-hiji” dina majalah *Manglé* nomer 402, jeung ilustrasi carpon “Bapa Téré” dina majalah *Manglé* nomer 417.

Kumpulan carpon *Moal Dimumurah* kandelna 132 kaca, Di jerona ngamuat 15 judul carpon, nya éta “Moal Dimumurah”, “Hiji-hiji”, “Jurig Nyiliwuri”, “Bapa Téré”, “Lumpuhna Juragan Aria”, “Geus Milik Batur”, “Giliran Bah Odo”, “Séké Sélér Ki Pamatang”, “Dulur Saindung”, “Taluk”, “Tukang Mikat”, “Wa Abu”, “Hapunten Bu Guru”, “Lélé Bodas”, “Tkw”, jeung “Aom Nunggal”.

Saméméh dibukukeun, carpon-carpon anu ka kumpul dina kumpulan carpon *Moal Dimumurah*, kungsi dimuat heula dina majalah jeung surat kabar Sunda, sedengkeun dumasar kana téma, kumpulan carpon *Moal Dimumurah* kaasup kana kumpulan carpon *biasa*, anu napak tina réalitas anu nyampak di masarakat.

3.5.2 Ringkesan Carita Kumpulan Carpon *Moal Dimumurah*

Kumpulan carpon *Moal Dimumurah* ngamuat lima belas carpon. Kumpulan carpon *Moal Dimumurah* nyaritakeun rupa-rupa kritik sosial anu ditujukeun ka pamaréntah jaman kolonial, jaman gorombolan jeung pasualan kahirupan, hal anu digambarkeun kayaning tentara, guru, budak sakola, juragan kopi, pancakaki, jeung gambaran kahirupan jaman kolonial/pasca kolonial séjénna. Rupa-rupa pasualan kahirupan dina carpon-carpon nu dianalisis, di antarana:

Carpon “Moal Dimumurah” tokoh Kuring (Lili), salah sahiji tentara soldadu jepang anu harita keur datang ka acara hiburan, nu diayakeun ku pa camat minangka bales budi ka Pasukan Penangkis Serangan Udara. Nalika Lili keur anteng lalajo hiburan di panggung, manéhna kairut ku salah sahiji wanoja anu midang di panggung. Ngaranna Umiko, ti saprak harita Lili teu bisa mohokeun Umiko, manéhna kabungbulengan ku kageulisanna. Lantaran aya riributan, Umiko jeung romongan bubar. Barang Lili nyampeurkeun ka tempat rias nu nyampak ukur sapu

tangan aya tulisan Umiayati. Hiji poé Lili panggih jeung Umiko, ku manéhna dituturkeun ti tukang. Horéng, Umiko teh awéwé teu bageur di tempat lokalisasi. Ti harita Lili mikageuleuh Umiko.

Carpon “Hiji-hiji” nyaritakeun lembur anu resik tur masarakatna sosisoson kana pagawéan, barudakna rajin maca buku. Éta lembur dikapalaan ku hiji tua kampung anu buta hurup. Hiji poé tua kampung amuk-amukan sabab pager sisi jalan anu geus meunang ngadandangan karuksak ku barudak nailka gelut dina maén bal. Tua kampung ngadandangan lembur sabab bakal katangan pihak pamaréntah. Manéhna ngajurung sangkan masarakat masang bendéra beureum bodas bulao (Walanda) di hareupeun imah, aya hiji warga anu masang bandéra saayana dicarékan ku tua kampung, lantaran anger basangkal, peutingna rerencepan dipangmasangkeun nu bandéra. Isukna pamarentah Walanda datang ka éta lembur, ukur ngaliwat hungkul teu ngalieuk-lieuk acan padahal geus dibagéakeun ku iring-iringan. Tua kampung ngarasa éra sabab manéhna geus riweuh hayang kapuji, tapi teu kapaké ku Walanda.

Carpon “Jurig Nyiliwuri” nyaritakeun pa guru anu hirup di hiji lembur nu mana mindeng karanjah ku gorombolan. Masarakatna naringgalkeun imahna nalika aya gorombolan, nyarumput dina lombang-lombang jeung susukan saat. Kungsi Pa guru dituduh aya patula-patalina jeung gorombolan, sabab aya nu ngagorowok yén imahna mah tong diganggu cenah. Hiji poé masarakat geus riweuh rék nyarumput deui sabab aya nu ningali gorombolan bari mamawa bedil. Hanapi, adina pa guru ninggalkeun kolotna di imah sabab rék ngilu nyumput jeung nu séjén. Ku pa guru dicarékan titah balik deui. Isukna, Pa Haji Idris gujrud sabab manéhna kaleungitan duit nu diteundeun dina para kandang munding sabot ninggalkeun imahna. Léknan Budiman teu langsung nyangka gorombolan kitu deui Haji Idris sabab gorombolan mah moal apal teuteundeunan anu buni, biasana ogé sok ngaranjah eusi imah. Haji Idris curiga ka Si Kémén urut bujangna nu sok ceceremed. Nalika disalusur téh Si Kémén jadi jurig nyiliwuri, kapanggih paok-paok kana barang batur. Manéhna ogé anu ngaliarkeun tuduhan yén Pa Guru téh aya patalina jeung gorombolan.

Carpon “Bapa Téré” nyaritakeun tokoh Sarmidi anu geus dalapan taun ninggalkeun lemah caina keur digawé dina kapal. Barang Sarmidi balik ka

lemburna, meunang béja indungna gering ti sobatna nu jadi mahasiswa di Ustrali. Nepi ka imah téh suwung. Tuluy nanyakeun ka tatanggana, nya éta Kang Asmita jeung Bi Imas. Asmita dicaritakeun sagalana ti indungna kawin deui jeung batur nepika indungna maot sabab ngadéngé béja yén Sarmidi teuleum di laut. Sarmidi kacida ambek pisan ka bapa téréna. Sabab sakabéh titinggal bapana diruksak, tajug ogé diruag, duit pangirim ti Sarmidi nu keur indungna dipaké senang-senang ku sorangan. Sarmidi meuncit domba kameumeut bapa téréna, tuluy nitah ka Bi Imas keur ngurus éta daging terus ménta dijadikeun saté. Sarmidi nitah ka tatanggana sangkan datang ka imahna. Barang keur silih balakécrakan jol bapa téréna téa. Tuluy disuguhan sangu sapiring metung jeung saté saabreg, bakat ku lapar Asmita dahar kacida ponyona. Bérés dahar manéhna kakara panasaran ka pamuda anu aya di imahna. Singhoréng éta pamuda téh anak téréna. Tuluy Sarmidi jeung Asmita paséa. Lantaran éra ku kalakuanna goréngna, Asmita tuluy indit bari mawa koper.

Carpon “Lumpuhna Juragan Aria” nyaritakeun Wangsayuda nu jadi tukang ngajagaan panganganon milik juragan Aria. Hiji poé aya jelema anu kapanggih maling hiji embé nyaéta Ki Dira, tuluy ku manéhna dieureunkeun. Dicarékan sabab geus wawanianan maling. Ari Juragan Aria téh gegedén anu ngawasa éta lembur, manéhna meunang kakayaan tina ngakaya rakyat leutik. Sanggeus éta kajadian, Wangsayuda balik ka imahna. Barang jol pamajikanna ceurik sabab budakna nu ngaranna Purwati rék dirogahala ku Juragan Aria pas dititah mikeun bantal ka kamarna. Juragan Aria tuluy indit ti imah Wangsayuda ari Purwati les ngaleungit. Nalika Wangsayuda keur néangan budakna, kudang kopi Juragan Aria kahuruan, nu tadina rék sukan-sukan jeung gegedén séjén teh teu jadi sabab éta kajadian. Ari palakuna kungsi katewak ngan kusabab bedas jadi bisa leupas deui. Singhoréng nu ngaduruk téh Ki Dira, sanggeus katingali geus jempling Ki Dira ngajak Purwati nu tatadi jeung manéhna balik ka imah. Juragan Aria dibawa ka dayeuh rék dipariksa sabab manehna geus loba ngarugikeun rakyat.

Carpon “Geus Milik Batur” nyaritakeun tokoh Kuring anu diondang sakaligus dititah pangbukapintukeun dina kawinan anak babaturanna. Manéhna indit ti lembur naék beus tuluy gék diuk gigireun awéwe geulis. Manéhna anteng ngalamun teu nyangka yén awéwé gigireunna téh singhoréng copet, sadar-sadar téh pas rék ngodok saku keur ongkos. Salian ti duit, pulpén kameumeut paméré ti urut

kabogona ogé leungit. Manéhna kacida ambekna. Dina poé kawinan anak babaturanna, manéhna panggih jeung urut kabogohna nu geus jadi milik batur.

Carpon “Giliran Bah Odo” nyaritakeun Bah Odo tukang ngurus hayam aduan, baheula mah Bah odo téh hirup senang ari ayeuna mah sabab Bah Jok Le, nu boga hayam téa geus tara méré buruh ka Bah Odo sabab si jalak, hayam jagona geus teu bisa diadukeun. Geus kolot teuing jeung euweuh tanagaan. Ma Odo nu tadina tara papanasan gé ayeuna mah ngilu néangan duit gawé sacabak-cabak. Hiji poé Ma Odo rek néangan adina, maksudna rék anjuk hutang keur ongkos, indit ka dayeuh tatanya ka saha baé, tungtungna mah teu kapanggih raratanna. Ma Odo balik deui ka lemburna. Barang nepi ka imahna panto digedor-gedor téh euweuh nu mukakeun waé. Singhoréng Bah Odo teh geus maot. Nyusul si Jalak hayam nu diurusna téa.

Carpon “Dulur Saindung” nyaritakeun lalakon awéwé anu kungsi jadi gundik Jepang ngaranna Enden Yopi. Harita ingetan manehna soal Jepang kasuat-suat deui, sabada anakna Ratna ti salaki benerna, lulus kuliah. Tapi manéhna teu boga waragadna. Nu nyésa ngan mesin jait titinggal salakina, Dén Yuda. Aya niat rék ngajual éta mesin jait téh, ngan dicaram ku Ratna. Kajeun bolay kuliah cenah. Komo deui basa manéhna aya niat rék ménta tulung ka Hadi, Wakil Kawasa Pabrik Tinun, Ratna kacida ambekna. Lantaran éta lalaki cunihin. Tapi manéhna kalah siga nu resep pisan. Atuh anakna kalah jadi mikir, boa aya haté kadua leutik. Kabeneran pisan, harita Hadi datang ka imahna. Manehna gura giru dangdan. Anakna mungkin yakin lamun indungna aya haté. Horeng poé éta Hadi rék nyarita, yén manéhna téh anakna ti lalaki Jepang téa. Hadi apal tina surat nu aya di imahna. Nu ditanda tanganan ku notaris Nyonya Lie. Dina éta surat diterangkeun yén dina tanggal 25 Agustus 1945 ka Nyonya Lie méré orok lalaki. Dingaranan Hadi lantaran asa HADIAH ti Gusti, keur Lie anu salila ieu teu boga budak. Kiwari Nyonya Lie jeung salakina geus taya dikieuna. Ibu Enden, Ratna, jeung Hadi ngarasa bungah. Sedeng Kawamura, nu taya lian bapana Hadi keur ngarasa sedih di Jepang. Bari haténa pinuh ka rasa panasaran, naha anakna téh lalaki atawa awéwé.

Carpon “Taluk” nyaritakeun panumpang angkot di Terminal Muhamad Toha. Barang naék, supirna nyetél lagu barat. Atuh panumpangna téh kalah

kareseleun. Nya panas poé, nya laguna teu kaharti. Teu lila, tuluy diganti wé ku lagu jaipong. Ku éta lagu mah kabéh gé pada panuju. Ger saleuseurian. Pada ngobrol siga nu geus wawuh lila. Malah nepi ka aya nu nyaritakeun budakna nu resep lagu ketuk tilu, nu saupama ngadéngé teh sok langsung mawa karémbong. Keur resep ngadengekeun lagu, di lebakeun tugu perjuangan Bale Endah, supir jol ngerém nyakalikeun. Kabéh penumpang nyangkana aya cilaka, horéng lain, aya Nyi Mojang geulis nu rék naék. Gék gigireun supir. Ti dinya supir angger mawa mobilna tarik. Malah aya nu rék turun sagala. Ngan pada ngageunggeureuhkeun. Pas turun téh pada sukuran da salamet. Hiji poé, aya hiji penumpang nu naék deui éta angkot. Mawana angkotna jadi lalaunan. Kalem. Teu seureudeug. Horéng cenah Nyi Mojang nu harita geus jadi pamajikanna. Ayeuna keur ngandeg 3 bulan. Taluk cenah dipapatahan ku pamajikanna.

Carpon “Tukang Mikat” nyaritakeun aya lalaki anu rék naék kolt, barang rék gék kana jok kadua, jol dicarék ku panumpang séjén. Awéwé, majar téh cenah di tukang lega kénéh. Manéhna ngéléhan. Teu lila, pinuh panumpang téh. Di gigireun awéwé nu judes tadi, aya tukang mikat nu rebo ku babawaan. Kaciri pisan risieunna. Manéhna mah atoh wé, semu mupuas, bongan tadi diuk gigireun manéhna gé meni embung. Di jero kolt kalah beuki ramé, pada-pada nawar harga manuk. Aya manuk cawingwing jeung ékékeléng. Loba nu hayang meuli ékékeléng, tapi teu dijual cenah. Ahirna panumpang nu maké tas kulit meuli manuk cawingwing nepi ka genep belas rebu. Manéhna mah reuwas wé meni nepi ka aya nu daék ngaluarkeun duit sakitu lobana ngan keur manuk wungkul. Sedeng awéwé judes téa kalah turun, da éta manuk téh kalah ngotoran erokna. Turunna gé bari jejebris. Ceuk supir mah éta awéwé téh awéwé teu bener. Satepina di lemburna, manéhna nanyakeun harga manuk cawingwing ka tatanggana, Pa Dali. Geuning hargana murah ngan genep ratus, jaba meunang kandangna. Manéhna gogodeg. Ku dibarengkeun tukang mikat manuk jeung tukang mikat lalaki nu loba duit, pokna.

Carpon “Wa Abu” nyaritakeun lalakon Aki-aki umurna 78 taunan. Ngaranna Abu, sok pada nyebut Wa Abu. Harita kacaritakeun Wa Abu gering. Mas Ulis, salasihiji tatanggana ngalongok. Karek nepi buruan imahna gé, kadéngé keur hahariringan. Kasampak téh keur disisimbut. Mas Ulis bangun nu anéh da geuning nu gering teh teu siga nu gering. Kitu wé ngadongéng siga sasari, jaba resep

heureuy. Cenah gering téh pédah sukuna rada dewol ku pacul. Tapi cenah moal dirasa ieuh kanyerina, méh biasa lamun saupama meunang kanyeri nu séjén. Na atuh peutingna Wa Abu kacaritakeun tilar dunya. Nu keur halodo gé ngadadak hujan, cai sumur jadi pinuh keur ngamandianna. Sagalana digampilkeun.

Carpon “Hapunten Ibu Guru” Nyaritakeun lalaki nu hirup sorangan di kota. Ngontrak di kos-kosan nu hareurin. Manéhna ngajar di SD bari kuliah. Guru-guru di sakolana loba nu nitah geura kawin, méh aya batur hirup cenah. Manéhna gé sarua tapi da can tepung kénéh. Hiji poé manéhna lalajo kariaan, ngarasa sirik da geuning batur mah papasangan. Kapeutingnakeun jol aya awéwé nu ngadeukeutan. Asalna mah asa-asa, tapi lila-lila jadi deukeut nepi ka dianteurkeun ka imahna. Satepina di imahna, aya bapa-bapa geus kolot. Nyebutkeun yén di dinya téh ngan kadua anakna. Manéhna bagéakeun pisan. Nepi ka isukna nganjang deui. Satuluyna, kacaritakeun hiji poé manéhna diajak ku guru-guru ngalayad nu maot. Cenah ramana bu Tita guru SD tilu. Barang datang manéhna teu sangka horéng éta téh bapana Ilis, nu ngaran aslina Tita téa. Nu matak teu nyangka pisanna mah Ilis dibarengan ku salakina.


Carpon “Lélé Bodas” nyaritakeun lalakon Pa Guru Budi anu keur ngumbara di lembur Pamegatan. Manéhna cicing di imah tukang sayur. Katelah soméah jeung bageur ka saréréa gé. Ngan harita Ma Usih, nu boga imah ngedalkeun ka teu panujuna soal sikep manéhna, nyaéta pedah sok nguseup di walungan Ciparagan. Katambah meunang lauk lélé bodas deuih. Da cenah di dinya loba jurigna, loba kajadian nu ahéng ongkoh. Contona Si Umin kalah jadi gering panas balikna téh, Si Rasdan jadi utah ngising waé. Tapi Guru Budi mah angger teu percayaan. Poé jumaah manéhna ka dinya deui tuluy campego sisi cai, ngan lauk téh euweuh. Tuluy digeroan ku Aki Jumad, diajak ka girang Leuwikacapi. Barang dituturkeun bet taya raratan. Malah satepina ka imah panggih jeung Ki Jumad, manéhna henteu rumasa ka Leuwikacapi. Ma Usih mah geus teg wé, pasti diheureuyan. Angger Guru Budi mah teu percaya. Malah nepi ka diasakanna éta lélé bodas téh. Enya wé sanggeusna téh kalah jadi panas awakna. Dipariksa wé ka Mantri Dadang. Mantri Dadang nyarita yén urang dieu téh tara daék dipariksa sabada kaserang utah miceun. Kalah nginum cai ti dukun. Peutingna, di masjid bet aya pengumuman yén Guru Budi

gering parna. Loba nu ngalalongok, padahal Guru Budi mah teu kunanaon. Haténa sukuran.

Carpon “TKW” Nyaritakeun Jang Sardi anu nitah Sarah pamajikanna jadi TKW. Manéhna ngajujurung pisan pamajikanna sangkan tetep indit, padahal pamajikanna beurat pisan ninggalkeun anakna sadua-dua. Padahal duanana gé keur meujeuhna ogo, komo nu bungsu mah nyusu kénéh. Ahirna pamajikanna ngagugu, bari omat omatan sakalian pangnéangkeun gawé keur manéhna. Tilu bulan indit, aya surat ti dununganna yén Sarah di ditu dianggap dulur. Ngan anéhna nepi sataun ge taya ngiriman nanaon komo béja gawé mah. Ceuk béja di lembur ari kitu téh biasana mah sok dikawin ku dununganna. Sardi tungtungna kawin deui. Hirupna jadi maju. Ngan teu lila Sarah téh balik, bari mawa béja yén aya pagawéan di ditu. Atuh Sardi kacida bingungna. Sedeng sarah indit deui lantaran kuciwa ka salakina.

Gambar 3.1

Cover Buku Kumpulan Carpon *Moal Dimumurah*



3.5.3 Idéntitas Pangarang

Ikin Asikin lahir di Ciparay-Bandung 4 Maret 1920- 24 Séptémber 1987. Manéhna guru, pangarang, nepi ka jadi redaktur *Manglé*. Mimiti nulis dina *Parahiangan* (*Parahiangan*, majalah basa Sunda wedalan Balai Pustaka antara 1929-1942). Waktu jaman pendudukan Jepang (1942-1945), Asikin kungsi jadi *heiho*, ditugaskeun di Madura (Jawa Timur). Ku kituna anjeunna bisa Jepang jeung Basa Madura. Sabada pangsium salaku kepek SMP Negeri Ciparay, Kabupatén Bandung anjeunna gawé di *Manglé* jadi salah saurang redaktorna nepi ka pupus.

Karya-karya anjeunna mangrupa sajak, guguritan, carpon, réa anu dimuat dina *Warga* jeung *Manglé*. Sakapeung anjeunna nulis dina basa Indonésia keur surat kabar lokal. Dina karanganana manéhna sok ngagunakeun sandiasma Kania Pakutandang, Déwi Kania, jll-na. Sababaraha carponna kungsi dikumpulkeun dina buku *Nu Tepung di Imah Dukun* (1983) (Asikin, 2014).